

Eleksyon Jeneral 2020

Vote Fasafas nan Eleksyon Jeneral la

Si w vle vote fasafas nan Eleksyon Jeneral la, tanpri, al vizite [biwo vot ki nan zòn ou an](#) madi 3 novanm 2020 ant 7 è AM ak 8 è PM.

Vote Pa Mwayen Lapos

Poutèt pandemi COVID-19 la, lejislati Massachusetts la te apwouve moun Vote Pa Mwayen Lapos san eskiz pou tout eleksyon 2020 yo. Ranpli [aplikasyon](#) an epi voye l nan lapos, voye l nan [imèl](#), oswa pote l bay Depatman Eleksyon an, epi lè bilten yo pare, n ap voye youn ba w pou w ranpli l. Moun gen opsyon pou yo [kontwole](#) kote bilten yo ye pou yo ka wè si l ale ak si nou resevwa l.

Pou bilten Eleksyon Jeneral 3 novanm nan, fòk yo resevwa aplikasyon pou Vote Pa Mwayen Lapos la 28 oktòb pou pita. Apre sa n ap voye bilten w pou ou, ansanm ak enstriksyon konplè, pou w ka ranpli l e voye l ban nou. Si w ap pote bilten an nan men, fòk yo resevwa l 8 è AM pou pita jou eleksyon an. Si w ap voye bilten an nan lapos, fòk li make 3 novanm pou pita e fòk yo resevwa l 6 novanm pou pita.

Tout pake bilten Vote Pa Mwayen Lapos 2020 yo pral gen ladan yo yon anvop ki tou gen adrès ak tenb pou ou ka voye l bay biwo sa a. Oubyen tou, ou gendwa pote bilten an nan men epi depoze l nan bwat ki devan Lameri ki nan 215 Pleasant Street, ki nan Komisarya ki nan 800 Eastern Avenue, oswa ki nan Oditoryòm Sant pou Pèsonaj (Senior Center Auditorium) ki nan 7 Washington Street, pandan orè Vote Bonè yo ann oktòb.

Vote Bonè Fasafas

Vote bonè fasafas pou Eleksyon Jeneral la pral fèt ant 17 ak 30 oktòb nan Sant Kominotè pou Pèsonaj (Senior Community Center) ki nan 7 Washington Street, pandan orè ki vin apre yo:

Orè

Lendi: 8 è AM - 4 è PM

Madi: 8 è AM - 7 è PM

Mèkredi: 8 è AM - 4 è PM

Jedi: 8 è AM - 4 è PM

Vendredi: 8 è AM - Midi

Samdi: 10 è AM - 3 è PM

Dimanch: 10 è AM - 3 è PM

Vote ann Absans

Fòk ou mande bilten ann absans nan yon espas omwen 4 jou travay anvan Jou Eleksyon an. Gen aplikasyon [anliy](#), men nenpòt demann ekri akseptab depi l gen siyati w sou li oswa siyati yon manm fanmi w k ap fè demann nan pou ou. Oubyen tou, ou gendwa al gade nouvo [pòtay](#) Vote Pa Mwayen Lapos ki pou Sekretè Deta a pou w fè demann sou entènèt.

Ou ka voye aplikasyon nan lapos, nan [imèl](#), oswa nan faks bay 781-388-0610. Ou gendwa voye aplikasyon kòm PDF oswa JPEG, depi siyati a te fèt avèk plim, souri, kreyon pou tablèt, oswa dwèt ou. Nou pa aksepte siyati moun tape.

Si w ta renmen nou voye yon aplikasyon pou bilten ann absans ba ou, ou gendwa rele biwo Grefye Vil la nan 781-397-7116 oswa voye yon imè bay elections@cityofmalden.org.

Èske w Bezwen yon Aranjman Poutèt yon Andikap

Si w bezwen yon aranjman fèt pou ou poutèt ou gen yon andikap, tanpri, al gade [sit wèb Eta a sou Vote Pa Mwayen Lapos Elektwonik](#). Sistèm sa a pèmèt votè ki gen andikap resevwa bilten elektwonik, make yo an prive e avèk endepandans grasa teknoloji asistans yo genyen, enprime bilten yo te make, epi voye yo oswa pote yo nan men bay ofisye elektoral yo pou yo konte yo. Lalwa mande yo enprime tout bilten epi l pa pèmèt moun voye jan de bilten sa yo yon fason elektwonik.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri, kontakte yon Kowòdonatè Vote Pa Mwayen Lapos Aksesib nan AVBM@sec.state.ma.us oswa rele nan 617-727-2828 ant 8 è 45 AM ak 5 è 00 PM, lendi rive vandredi.

Enskri pou w Vote

Delè a pou w enskri oubyen fè mizajou nan stati w antanke votè se 10 jou anvan eleksyon an. Delè a pou votè [enskri](#) pou eleksyon 3 novanm nan se samdi 24 oktòb 2020.

Kesyon ki Enpòtan Moun Konn Poze Souvan sou Eleksyon an

Èske pral gen ofisye oubyen fòs lalwa k ap veye m pandan m ap vote?

Non. Byenke lalwa eta a mande pou gen yon polisye nan inifòm prezan kote moun ap vote, yo la sèlman pou yo asire gen lòd jeneral nan awondisman an. Nan yon [kominike laprès](#) Pwokirè Jeneral Massachusetts la te pibliye dènyèmman, yo te abòde kesyon gen fòs lalwa prezan nan biwo vot yo. [Anons lan](#) te fèt pou l fè l klè votè Massachusetts yo gen dwa pou yo vote, e yo gen dwa fè sa san moun pa entimide yo e anmède yo selon lalwa.

Byenke lalwa pèmèt fason pou moun siveye eleksyon, Prezidan an pa ka voye fòs lalwa fidèl, militè a, oswa fòs lalwa lokal vin siveye biwo vot yo.

M ap planfiye pou m vote fasafas. Èske gen yon bagay ki diferan nan biwo vot yo parapò ak eleksyon anvan yo ak eleksyon primè yo?

- NON. Si wpa t pwofite vote bonè, jis vin nan biwo vot ou konnen an ant 7 è AM ak 8 è PM Jou Eleksyon Jeneral la, 3 novanm. Tanpri, sonje pou w respekte distans sosyal epi mete yon mas nan figi w.

Si bilten Vote Pa Mwayen Lapos mwen an nan men m toujou, èske m ka toujou pote l nan Lameri?

WI. Lameri Malden an, ki nan 215 Pleasant St. (nouvo Lameri a) ap ouvè jiska 8 è PM pou moun ka remèt bilten Vote Pa Mwayen Lapos yo Jou Eleksyon Jeneral la, 3 novanm. Epi, ou gendwa pote bilten nan men epi lage yo nan bwat ki gen devan Lameri a nan 215 Pleasant Street, nan Komisarya ki nan 800 Eastern Avenue, ak nan Oditoryòm Sant pou Pèsonaj la (Senior Center Auditorium) ki nan 7 Washington Street pandan orè vot bonè yo ann oktòb.

Si m mande yon bilten Vote Pa Mwayen Lapos, èske m ka chanje lide epi vote fasafas?

PETÈT. Depi w fin remèt bilten w epi biwo sa a aksepte l, ou pa ka tounen dèyè sou vot ou te fè a ni w pa ka vote ankò. Si w mande yon bilten Vote Pa Mwayen Lapos men w pa remèt li, ou ka vote fasafas pandan peryòd vote bonè a oswa Jou Eleksyon an.

E si m fè yon erè nan bilten m?

Si w fè yon erè nan bilten w, ou gendwa mande yon nouvo bilten epi premye bilten an pral make 'spoiled' (gate). Pa gen votè k ap jwenn plis pase 2 bilten ranplasan, donk tanpri fè anpil atansyon lè w ap li l e fè chwa yo.

Èske m ka pote materyèl anndan biwo vot la?

Wi. Ou gendwa pote materyèl nan kazye kote w vote a. Ou genwa pote bwochi enprime, feyè, oswa nòt ou te pran, men fòk ou pa afiche materyèl sa yo pou lòt moun wè yo pandan w nan biwo vot la. Fòk ou ale avèk tout materyèl ou yo lè w kite biwo vot la.

Èske yon moun ka akonpaye m nan biwo vot la?

Wi. Nenpòt moun k ap vote ka fè yon lòt moun akonpaye l nan biwo vot la si l bezwen èd pou l li oubyen ranpli bilten an.

Si m te voye bilten Vote Pa Mwayen Lapos mwen an pa mwayen U.S. Mail e m panse yo pap resevwa l atan, èske dat ki make sou li a fè bilten mwen pral rive "alè"?

Wi. Fòk tout bilten moun voye nan lapos yo make avèk yon dat 3 novanm 2020 pou pita, epi fòk li rive jwenn ofisye eleksyon lokal la 6 novanm 2020 pou pita pou yo konte l. Si w pa sèten yo te jwenn bilten w, meyè bagay pou w fè se [kontwole ki kote bilten w ye](#) oswa rele biwo Grefye Vil la nan 781-397-7116 pou konfime si yo te resevwa bilten w oubyen non.

E si m etène nan yon Etablisman Swen Sante e m pa ka rive nan biwo vot pou m vote?

Si w etène nan yon etablisman swen sante nan yon espas 7 jou anvan yon eleksyon, oswa si yon pwofesyonèl medikal oubyen yon ofisye sante piblik òdone w pou w mete tèt ou an karantèn lakay ou nan yon espas 7 jou anvan eleksyon an, ou gendwa itilize aplikasyon [bilten absans](#) lan pou w deziyen yon moun ki pral vin chèche bilten absans ann ijans ou an, pote l ba ou, epi remèt li bay ofisye eleksyon lokal ou a pou ou.